

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Prosés diajar basa Sunda di jaman kiwari kurang minatna, ku sabab siswa nganggap yén pangajaran basa Sunda téh ngabosenkeun. Ieu fakta ngabalukarkeun kurangna minat siswa dina pangajaran basa Sunda nu nganggap yén pangajaran basa Sunda taya mangpaatna.

Basa nya éta alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora nu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Wirakusumah & Djajawiguna, 1969:5 dina Sudaryat, 2004: 5).

Ilaharna prosés pangajaran basa Sunda sok maksa siswa pikeun resep kana basa Sunda. Aktivitas diajar saperti ieu tangtuna moal bisa ngaronjatkeun pangaweruh siswa kana basa Sunda sacara optimal. Cara ngungkulan éta masalah salah sahijina ngagunakeun métode atawa strategi pangajaran nu bisa dijadikeun prosés nu dipikaresep ku siswa, sangkan siswa bisa ngamekarkeun poténsi nu aya dina dirina.

Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa, lian ti kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Éta opat kaparigelan basa téh salawasna silih pangaruhan sarta raket patalina jeung prosés-prosés nu jadi dadasar ngagunakeun basa.

Nurutkeun Tarigan (2008:1), kaparigelan makéna basa ngawengku opat komponén nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Éta komponén kaparigelan basa téh mangrupa hiji beungkeutan nu teu bisa dipisahkeun antara kaparigelan nu hiji jeung kaparigelan nu sejenna. Lantaran kaparigelan basa mah mangrupa kaparigelan catur tunggal.

Nilik kana éta hal, nulis tangtuna miboga kalungguhan nu penting dina kahirupan, lantaran sipatna anu méré informasi jeung mangaruhan (Tarigan, 2008:4). Ku kituna, nulis téh mikabutuh kaahlian jeung kaparigelan, sangkan nu maca bisa meunang informasi, bisa nyangkem jeung bisa kapangaruhan ku hasil tulisan.

Dina pangajaran basa Sunda di SMP aya pangajaran nulis nu diajarkeun di kelas VIII. Ayana pangajaran nulis sisindiran (wawangsalan, rarakitan, paparikan) geus katitén dina KTSP jeung SKKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda. Pangajaran nulis rarakitan mangrupa salah sahiji pangajaran nu merlukeun kaparigelan jeung kréativitas siswa. Kréativitas kudu bisa dirojong ku kaayaan lingkungan kelas jeung lingkungan sakola anu kondusif.

Digunakeunana métode pangajaran nu saluyu dipiharep bisa ngaronjatkeun motivasi jeung pamahaman siswa kana matéri. Modél *Quantum Teaching* mangrupa salah sahiji solusi nu bisa digunakeun pikeun numuwuhkeun motivasi siswa dina proses diajar. Modél *Quantum Teaching* bisa nyieun suasana diajar nu pikaresepeun.

Modél *Quantum Teaching* téh geus kauji di Amerika salaku métode anu alus dina ngaronjatkeun prestasi siswana, sabab métode *Quantum Teaching* mangrupa métode pengajaran atawa pelatihan nu ngagunakeun metodologi dumasar kana tiori-tiori pendidikan *Accelerated Learning (Lozanov)*, *Multiple Intelligences (Gardner)*, *Neuro Linguistic Programming* atau *NLP (Grinder & Bandler)*, *Experiential Learning (Hahn)*, *Socratic Inquiry*, *Cooperative Learning (Johnson & Johnson)* jeung *Elements of Effective Instruction (Hunter)* nu jadi hiji paket *multisensory*, uteuk gé mampuh ngaronjatkeun kamampuh dina prosés diajar.

Pikeun ngungkulan masalah anu aya dina proses diajar alamiah bisa ngaliwatan merenahna lingkungan sabudeureun, nyusun bahan pangajaran nu saluyu jeung SKKD, cara éféktif penyajian matéri, jeung ayana kaaktifan siswa dina diajar di sakola. Dipiharep siswa jadi mikaresep jeung bisa ngaronjatkeun prestasi siswa dina pangajaran nulis rarakitan basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan modél *Quantum Teaching* jeung rarakitan lain nu munggaran. Saméméhna kungsi aya nu geus nalungtik dina wangun skripsi, di antarana: “Éfektivitas Modél *Quantum Teaching* dina Pangajaran Nulis Guguritan (Yanti, 2011)” jeung “Éfektivitas Modél Pangajaran Tematik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan & Rarakitan (Kusuma, 2009)”. Bédana jeung ieu

panalungtikan nya éta modél pangajaran *Quantum Teaching* dipaké pikeun pangajaran rarakitan.

Dumasar kana pedaran di luhur, perlu dilakukeun panalungtikan ngeunaan pasualan-pasualan nu aya. Salah sahijina, ku cara guru kudu bisa nyieun suasana diajar nu leuwih kréatif jeung inovatif. Utamana ngarobah modél pangajaran nu modérn sangkan siswa leuwih aktif. Ku kituna judul ieu panalungtikan nya éta “Modél *Quantum Teaching* dina Pangajaran Nulis Rarakitan Siswa Kelas VIII-12 SMP Negeri 9 Kota Bandung”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah panalungtikan dipedar modél *Quantum Teaching* dina pangajaran nulis rarakitan di SMP Negeri 9 Bandung kelas VIII-12. Aspék-aspek anu dititénan dina karangan siswa nya éta kualitas karanganana dina nyieun rarakitan. Lobana masalah dina nulis rarakitan di kelas VIII di antarana nya éta kabahasaanna anu dianggap hésé ku murid. Masalah anu ditalungtik ngawengku: 1) pilihan kecap, 2) karapihan tulisan, 3) éjahan, 4) guru wilangan dina unggal pada, jeung 5) hubungan antar pada & antar padalisan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang panalungtikan, masalah nu jadi udagan dina ieu panalungtikan nya éta dirumuskeun dina kalimah ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis rarakitan siswa kelas VIII-12 SMP 9 Kota Bandung taun ajar 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Teaching*?
- 2) Naha aya bédana kamampuh nulis rarakitan siswa kelas VIII-12 SMP 9 Kota Bandung taun ajar 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Teaching*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji Modél Pangajaran *Quantum Teaching* dina Pangajaran Nulis Rarakitan Siswa Kelas VIII-12 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

1.3.2 Tujuan Khusus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun sababaraha hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis rarakitan siswa kelas VIII-12 SMP 9 Kota Bandung taun ajar 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Teaching*.
- 2) Bédana kamampuh nulis rarakitan siswa kelas VIII-12 SMP 9 Kota Bandung taun ajar 2012-2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Teaching*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, hususna pikeun nu nyusun, umumna pikeun masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu boga kapentingan kana ieu hasil panalungtikan. Mangpaat nu dipiharep nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun nambahan jeung ngeuyeuban tiori modél-modél pangajaran, jeung méré informasi ngeunaan éféktivitas anu digunakeun dina prosés nulis rarakitan pangajaran basa Sunda ngaliwatan modél *Quantum Teaching*. Salian ti éta dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun pendidik dina ngaronjatkeun kualitas pendidikan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Pikeun guru nepikeun matéri pangajaran basa Sunda nu dipikaresep ku siswa lantaran ngajarna teu matak bosen. Bisa maluruh alternatif modél pangajaran khususna métode *Quantum Teaching* dina pangajaran nulis rarakitan. Nambahan élmu pangaweruh dina ngajarkeun matéri anu resep pikeun siswa. Sarta nambahan élmu pangaweruh, strategi, modél, jeung métode pangajaran.
- b. Pikeun siswa dipiharep bisa ngaronjatkeun prestasina dina pangajaran nulis rarakitan basa Sunda, numuwuhkeun kréatifitas jeung motivasi dina diajar basa Sunda. Siswa dipiharep leuwih daria tur leuwih maham kana matéri pangajaran. Siswa ogé bisa nambahan élmu pangaweruh jeung kaparigelan dina pangajaran rarakitan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, anggapan dasar, métode jeung téknik panalungtikan, sistematika nyusun skripsi, jeung jadwal kagiatan.

Bab II eusina medar ngeunaan modél pangajaran *Quantum Teaching*, nulis laporan, asumsi, jeung hipotesis. Pedaran ngeunaan modél pangajaran dimimitian ku hakékat modél pangajaran, rumpun sarta komponen modél pangajaran, modél pangajaran *Quantum Teaching*, hakékat nulis, nulis laporan, sarta léngkah-léngkah dina nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Teaching*. Salian ti éta, dina ieu bab dipedar ngeunaan asumsi jeung hipotesis panalungtikan.

Bab III medar ngeunaan métodologi panalungtikan. Eusina ngawengku

sumber data, métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, sarta wangenan operasional.

Bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir siswa tina hasil panalungtikan, sarta ngadeskripsikeun kaéfektifan modél pangajaran *Quantum Teaching* dina nulis rarakitan siswa SMP.

BAB V mangrupa kacindekan jeung rékomendasi kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

